

Inite Envestigasyon nan CCRB sou Pwofilaj Rasyal ak Polis Enjis ki baze sou prejije

Konsèy Egzaminasyon Plent Sivil la (Civilian Complaint Review Board (CCRB)) se yon ajans nan Vil Nouyòk ki mennen investigasyon, fè medyasyon, ak pouswiv ofisye yo anrapò ak plent sivil yo konsènan move konduit manm Depatman Lapolis Vil Nouyòk. Nou endepandan epi nou san patipri. Nou pa fè pati NYPD.

Kisa ki pwofilaj rasyal ak polis ki baze sou patipri?

Pwofilaj rasyal fèt lè yon ofisye NYPD pran aksyon ranfòsman lalwa kont ou (tankou yo kanpe yon machin oswa pyeton, arestasyon, konvokasyon, fouy, lòd pou deplase, ak plis ankò) akòz ras aktyèl oswa dapre jan yo konsevwa ou, etnisite, orijin nasyonal, oswa koulè. Polis ki baze sou patipri rive lè yon ofisye NYPD pran aksyon lapolis kont ou poutèt relijyon ou, laj, imigrasyon oswa estati sitwayènte ou, idantite sèks/sèks, oryantasyon seksyèl, andikap, oswa sitiyasyon lojman.

Ki sa ki se Inite Polis ki Baze sou Enjistis ak Pwofilaj Rasyal la ye?

Lwa Lokal 47 (2021) te ajoute pwofilaj rasyal ak polis ki baze sou enjistis nan jiridiksyon "abi otorite" CCRB, sa vle di CCRB kapab kounye a mennen investigasyon sou plent sivil yo kote yo akize konpòtman diskriminatwa manm nan NYPD komèt (anvan tout plent sa yo te envestige andedan pa NYPD li menm). CCRB te kreye yon nouvo inite pou investigasyon, Inite sou Pwofilaj Rasyal ak Polis ki Baze sou Enjistis (Racial Profiling and Bias Policing Unit ("RPBP")), pou konsantre sou investigasyon plent sa yo. Inite RPBP a gen ladan avoka, envestigatè, ak syantis done ki travay ansanm pou mennen investigasyon sou reklamasyon sou pwofilaj rasyal ak polis ki baze sou enjistis.

Egzanp Pwofilaj Rasyal ak Polis ki Baze sou Enjistis:

- Yon sivil, ki mete yon turban, yo te kanpe machin li apre li pat kanpe konplètman nan yon siy stop. Pifò lòt chofè, ki pa sanble yo mete turban, pa kanpe konplètman tou nan siy stop la, men yo NYPD pa kanpe machin yo.
- [Apre lekòl lage, ofisye NYPD di elèv Nwa ki soti nan yon lekòl primè pou yo kite katye a. Yo te kite elèv blan ki nan menm lekòl rete nan zòn nan.](#)
- Nan yon swa nan wikenn, de (2) fanm kanpe nan menm kwen an, ap tcheke telefòn pòtab yo. Premye a, se yon fanm transjan, ofisye yo te kanpe l, yo poze l kesyon sou aktivite li, epi yo mande li idantifikasyon. Dezyèm lan, ki parèt sisjan, yo pa ni kanpe l, ni kesyone, oswa mande idantifikasyon.
- [Nan yon machin metwo byen ta nan mitan lannwit, ofisye NYPD yo retire yon nonm k ap dòmi ki sanble ap gen pwoblèm sanzabri epi yo ba l yon konvokasyon, alòske de \(2\) lòt gason ki ap dòmi nan menm machin nan tou men ki pa sanble hen pwoblèm sanzabri yo kite rete nan tren an.](#)
- De (2) ofisye kanpe yon gwoup twa (3) jèn gason latino k ap mache sou twotwa a alantou 2am, mande yo si yo gen okenn zam epi fouye yo. Lè yo mande pou kisa yo te kanpe yo, ofisye yo eksplike ke te gen plizyè fiziyad resan nan zòn nan komèt pa gason Latino nan laj 20 an yo epi pa gen okenn rezon pou twa (3) jèn gason yo ap mache nan zòn sa a ta nan mitan lannwit.

Depoze yon Plent

Gen plizyè fason: ou kapab rele nou 1-800-341-2272 (CCRB) oswa 311; ale sou entènèt nan www.nyc.gov/ccrbcomplaint, oswa vizite biwo nou nan 100 Church Street, 10th Fl. New York 10007. Kèlkeswa fason ou depoze yon plent, tanpri bay yon nimewo telefòn aktyèl, adrès imèl, oswa adrès lapòs pou nou ka kontakte w pou planifye pou pran yon deklarasyon an dirèk. Pou aprann plis

- Vizite nyc.gov/ccrb.
- Imèl outreach@ccrb.nyc.gov pou mande yon prezantasyon sou CCRB nan kominote w la.
- Patisipe nan Komisyon Konsèy nou an nan reyinyon chak mwa, kote ou ka pataje panse ou sou relasyon polis-kominote.